# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–01 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

तीनि गो नया आपराधिक कानून–– भारतीय न्याय संहिता, भारतीय नागरिक सुरक्षा संहिता अउर भारतीय साक्ष्य अधिनियम आजु से लागू हो गइल हवे। ई नया आपराधिक कानून जांचि, सुनवाई अउर अदालती प्रक्रिया में तकनीक के उपयोग पर जोर देवे वाला हवे। नया आपराधिक कानून भारतीय नागरिकन के ससक्त बनवले के दिसा में महत्वपूर्ण कदम हउवे। येह कानूनन क उद्देस्य सबके खातिर जियादे सुलभ, सहायक अउर कुसल न्याय प्रणाली बनावल हउवे। नया कानून में महिला अउर लइकन के खिलाफ अपराधन के जांचि के प्राथमिकता दीहल गइल हउवे। एकरे अलावे गिरफ्तारी के स्थिति में गिरफ्तार होखे वाले मनई के अपने कउनहूं परिजन के आपन स्थिति बतवले के सम्बन्ध में सूचित कइले क अधिकार दीहल गइल हवे। नया आपराधिक कानून लागू भइले के पहिला दिन्ने लोगिन के एहकर जनकारी देवे खातिर पुलिस विभाग की ओरि से प्रदेस के करीब सज्जो जिलन में संगोस्ठियन क आयोजन कइल जा रहल हवे। अजोध्या जिला में नया आपराधिक कानून के ले के सज्जो थान्हा में जागरूकता अभियान चलावल गइल। येह दौरान कोतवाली में आइल लोगिन के कानून क जनकारी देवे वाला परचो बांटल गइल।

बनारस में गोस्ठियन के जरिये आम लोगिन के पुलिस अधिकारी लोगि नया कानून क जनकारी दिहलें अउर एहके ले के लोगिन के भरम के दूर कइलें। उन्नाव जिला में ओइजा क पुलिस अधीक्षक सदर कोतवाली में नया आपराधिक कानून के ले के संगोस्ठी आयोजित कइलें। मिर्जापुर में डीआईजी, एसपी के सथहीं सज्जो पुलिस अधिकारी थान्हा स्तर पर लोगिन के नया आपराधिक कानून क जनकारी दे रहल हवें। गोरखपुर में अपर महानिदेसक जोन पत्रका वार्ता के जरिये लोगिन के नया कानून के बारे में पुरहर बिस्तार से बतवलें। अमरोहा अउर हापुड़ो से नया कानून के ले के गोस्ठियन के आयोजन क खबरि हवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में वरिष्ठ अधिकारियन के साथे बइठकी कइ के बाढ़ि प्रबंधन अउर जन–जीवन के सुरक्षा बदे सासन के तइयारियन क समीक्षा कइलें। येह दौरान उहां के अधिकारियन से कहलीं कि बेहतर प्रबंधन से बाढ़ि के स्थिति में लोगिन क सुरक्षा सुनिस्चित करावल जाए। नेपाल अउर उत्तराखण्ड से सटल जिलन में एहके ले के खास तौर से सावधानी बरतल जाव। श्री योगी कहलें कि बाढ़ि बुलेटिन अउर मौसम क पूर्वानुमान नियमित रूप से जारी होखे के चाही।

**********

पूरा प्रदेस में मानसून सक्रिय हो गइल बाटे। पछिला दुइ दिन में कई गो जिलन में रूकि–रूकि के हो रहल बरखा से मौसम में बदलाव आइल हउवे। ओहीं कई गो जिलन में नदियन क जलस्तर तेजी से बढ़ले क खबरि बाटे। गोरखपुर के सथहीं प्रदेस के सज्जो पूरबी जिलन में असमान में घना बादर लागल बाटे। कुछु जगहिन पर रूकि–रूकि के बरखा हो रहल हवे। येह बिच्चे मौसम विभाग अगिला दुइ–तीनि दिन में राज्य के करीब सज्जो जिलन में कहीं हल्लुक से मध्यम अउर कहीं मध्यम से भारी बरखा भइले क पूर्वानुमान जतवले हवे।

**********

प्रदेस के सज्जो जिलन में आजु **संचारी रोग नियंत्रण अउर दस्तक अभियान** क सुरूआति भइल। ई अभियान एकतीस जुलाई ले चली। उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक कानपुर नगर के कांशीराम संयुक्त चिकित्सालय में येह अभियान क सुभारम्भ कइलें। सुभारम्भ कार्यक्रम के बादे संवाददाता लोगिन से बतियावत श्री पाठक कहलें कि दुइ हजार सतरह से सुरू कइल गइल येह अभियान के जरिये इंसेफेलाइटिस, डेंगू, मलेरिया जइसन मच्छर जनित बेमारियन के काबू कइले में सफलता मिलल हउवे। गोरखपुर जिला में महापौर डॉक्टर मंगलेश श्रीवास्तव, मुख्य चिकित्सा अधिकारी कार्यालय से अभियान सम्बन्धी परचार वाहन, नगर निगम क वाहन अउर स्वास्थ्य विभाग के अधिकारियन अउर करमचारियन के रैली के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। जिला के सज्जो बलाको से जन प्रतिनिधि लोगि येह अभियान क सुरूआति कइलें। बस्ती जिला में जिलाधिकारी रवीश कुमार गुप्ता संचारी रोग से निपटे बदे तइयार कइल गइल गाड़ियन के हरियर झंडी देखाके रवाना कइलें। जिलाधिकारी सम्बन्धित अधिकारियन के निरदेस दिहलें कि ऊ लोगि अभियान क लगतारे निगरानी करें। वाराणसी में येह मौका पर विधायक नीलकण्ठ तिवारी अउर जिलाधिकारी एस. राजलिंगम अभियान क सुरूआत करत बतवलें कि जिला में जुलाई से ले के अगस्त ले अभियान क संचालन कइल जाई। अजोध्या में दस्तक अभियान क जागरूकता रैली जिलाधिकारी के अगुवाई में निकारल गइल अउर वातावरण के साफ–सुथरा रखले क सपथ दियावल गइल।

**********

अजोध्या के श्रीराम जन्मभूमि मंदिर में पुजारियन बदे ड्रेस कोड बनावल गइल हवे। एहके जुलाई के पहिला हप्ता से लागुओ कइ दिहल गइल हवे। श्रीराम मंदिर क सहायक पुजारी अशोक उपाध्याय बतवलें कि श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र में तैनात पुजारियन बदे पीताम्बरी, चौबन्दी अउर धोती के साथे पगड़ी अनिवार्य कइ दीहल गइल हवे।

**********

प्रदेस के सज्जो जिलन में आजु स्कूल चलो अभियान क सुभारम्भ कइल गइल। गरमी के छुट्टी के बादे सज्जो परिषदीय स्कूल आजु से खुलि गइल हवें। अब उनकर नियमित संचालन सुनिस्चित कइल जाई।

**********